

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Resous



Kisa resous ye?

Yon [resous](#) se lajan ak tout byen ou posede ki ka vin lajan kach. Pami egzanp [resous](#) yo, genyen byen imobilye, aksyon, obligasyon ak kont labank.

Pou kisa resous yo enpòtan nan pwogram SSI?

Pou resevwa benefis SSI, [resous](#) kontab ou pa dwe vo plis pase \$2000 pou yon moun, oswa \$3000 pou yon koup. Nou rele sa limit resous.

[Resous](#) kontab yo se byen ou posede ki konsidere nan limit resous la. Anpil byen ou posede pa konsidere.

Ki byen ki pa konsidere nan limit resous la?

Anjeneral byen sa yo pa konsidere nan limit resous la, kèlkeswa kantite lajan yo vo:

- kay kote w ap viv la;
- oto ou, si w itilize li pou transpò pou ou menm oswa pou yon moun k ap viv lakay ou;
- kontra asirans vi ou posede ki gen yon valè nominal \$1500 oswa mwens pou chak moun;
- ka oswa espas nan simityè pou ou oswa pou pwòch fanmi ou;
- yon lajan antèman jiska \$1500 pou depans antèman pou ou menm apa ak pou konjwen ou apa;
- byen ak efè pèsònèl moun k ap viv nan kay la;
- byen imobilye ou menm oswa konjwen ou posede nan yon komès oswa biznis, oswa sou djòb ou si w ap travay pou yon lòt moun; epi
- si w enfim oswa avèg, lajan oswa byen imobilye ou epaye dapre yon Plan pou Vin Endepandan (PASS). Gade dokiman [Pwen Enpòtan SSI sou Plan pou Vin Endepandan](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou (PASS).

Gen lòt byen ou posede ki ka konsidere kòm [resous](#) pou SSI. Pafwa, ou ka anmezi pou resevwa benefis pa mwa menm si w posede byen ki lakòz ou depase limit resous la.

Pou plis enfòmasyon, gade dokiman [Fason pou Jwenn Benefis SSI Pandan W ap Eseye Vann Resous Siplemanè Ou yo](#).